УАЙТ ПАУЛ

# ТОТОРЭ АБЫ И НЫБЖЬЭГЪУХЭМРЭ КЪАЩЫЩIАХЭР

Сурэт зыщIар Орам Петрщ

стр. 3

## ХЬЭЩХЬЭВЫЛЪЭ БУХУ

Махуэр дыгъэпс дахэт. Номин Тоторэ жираф Твигэрэ мэджэгури гуэлым Iулъщ. Ирикъуху долъей-допкIейри, ешмэ удз щабэм зыщагъэпсэху.

– Моуэ плъэт, зыгуэр къокIуэ – жеIэ Тото.

Твигэ къыщиудауэ мыдэхьэшх.

– Буху тхьэмыщкIэ! ПщIащэрт иджыпсту абы и щхьэ къэбым илъыр. Сыздеплъыым сфIэпсэкIуэдщ.

– Буху тхьэмыщкIэжь мыгъуэ, – щIодыхьэшхыкI Тото. – Сытуи нэщхъей. Зыгуэрурэ и нэгу зедмыгъэужьыфыну пIэрэ?

Хьэщхьэвылъэр гъумэтӀымэурэ къоӀэгъуэ.

– Си дэр дэнэ кӀуа? Мы мывэм телъащ ар. Иджы слъагъужыркъым. Сыт абы епщӀар, номин?

– Уафэ мывахщхъуэ кӀанэ, семыӀуса, – жеӀэр Тото.

– Пэж дыдэщ, – щыхьэт тохъуэ Твигэ. – Павиан Гунщ ар зыдыгъуар. Си нитӀымкӀэ слъэгъуащ.

– Ей, мы мэзыжьым зыми уи дзыхь ебгъэз хъунукъым. Шэчыгъуейщ! Сыту дэшхуэфӀт!

7

– Сыту махуэ бэлыхь нобэ, Буху, дыгъэпс хъужу! – жеӀэ Твигэ.

– Ур-ррр... Слъагъу хъуркъым дыгъэм укъижьэу, ар си фэм зэран хуохъу. Къырегъэлъэлъ, егъашхэ пхуэмышэчын хуэдизу! – жеӀэри Буху и щхьэ абрагъуэр егъэсыс.- Мы си пэжь мыгъуэр-щэ! Сопырхъ, сопапщэ, си пэпсри къреху. УӀ-уӀ-уӀ... Феплъыт! Иджыпсту къепсын щӀэздзэнущ...

Тото бгъэдолъадэри абы и жьэ пхъэбгъур зэтрепӀэ. Буху и нэр щӀеукъуанцӀэ.

– О-охь, берычэт бесын, Тото! Къепсын зэрыщӀэздзэу си пэпси, си нэпси къожэ, си ... уи-уи!..

– Мы мэзым щӀэт удзхэр егъэлеяуэ зэрыдэхащэм гу лъыптэрэ? – псалъэмакъым зригъэхъуэжыну мурад ещӀ Твигэ.

8

– Сыту мэ дахащи къапихрэ, – къыщӀегъуж Тото.

– Хьым... – мэгъумэтӀымэ Буху, – удз гъэгъа гъуэжь фӀыуэ слъагъуркъым, плъыжьри аращ. Мэ къысщӀихьэркъым, си пэр кудащи. Машхэ, холъэт, жьы схурикъуркъыми къепсын фӀэкӀа Ӏуэху сиӀэкъым...

– Аращ, аращ, – мэщатэ Твигэ, – хъунщ-тӀэ мы жьауэм щӀэтӀысхьи тӀэкӀу хэс жьы къабзэм.

– Пэж дыдэу, акъужьым икъукӀэ мэзыжьыр егъэкъабзэ, – щӀегъуж Тото.

11

– Пэжщ, – мэгъумэтIымэ Буху, – егъэкъабзэ. Мо удз гъуэжь цIыкIухэм якIэрылъ сабэхэр кърихьэкIыурэ, си пэм кърехьэри, егъашхэ, итIанэ сы- сыкърегъэпс, – жери нэщхъейуэ и щхьэшхуэр егъэкIэрахъуэ. – ФщIащэрэт сэ а къепсыным си фэр зэрырихыр! Си дзажэпкъхэр егъэуз, си нэпсыр къыщIеху, си тхьэкIумэм кърищIэри вжесIэн?



– Апхуэдиз бгъэвын хуей щыхъуакIэ, гъэв, Тхьэм щхьэкIэ уи закъуэ, щэхуу, – жеIэ Тото.

– О-о, – мэщэIу Буху, – сыхуейкъым ар псоми къащIэху си закъуэ, щэхуу апхуэдиз сшэчыну.

Тото и тхьэкIумэр IэкIэ IуепIэри:

– О,о,о – мэкIий, – уэ ухьэкIэкхъуэкIэ пIащэ, иныжь, гъумэтIымэреижьщ!

– Хэт жыхуэпIэр? – и дзэхэр зэрегъэшх Буху.

– Уэращ! – щIокIие Тото. – Уэ, уеблэмэ, шыд акъыл къудеикI уиIэкъым!

– Уэр-щэ, уэ уиIэ?

– Ахьейми сиIэ! – жэуап къетыж Тото цIыкIу.

– Хьа-хьа-хьа, – дыхьэшхыу щIедзэ Буху, ауэ занщIэуи печыж. – Ау-ау, – гуузу хощэIукI ар, – дыхьэшхыным си джабэр егъэуз, си щIыбыр ... оу...

Твигэ аргуэру псалъэмакъыр нэгъуэщӀыпӀэкӀэ триӀуэнтӀыкӀыну хуожьэ.

– Фыхэплъэт гуэлым. Сыт флъагъур?

– Дик-дик бжьо цӀыкӀум зегъэпскӀ, – жеӀэ Тото.

Твигэ и пщэр хешри гужьеяуэ маплъэ.

– Сэ псым хэслъагъуэр ентӀыр кӀыхьышхуэщ.

Буху хуэму и щхьэр егъэкӀэрахъуэ.

– Мы гуэлым ентӀыр хэлъкъым, – жеӀэр абы.

– СэрикӀ солъагъу а ентӀырыр! – къэпӀейтеяуэ жеӀэр Тото.

– Делагъэщ! – мэгъумэтӀымэ Буху. – А гуэлым сэ сыздэщымыӀа плӀанэпэ иӀэжкъым икӀи ентӀыр лъэпкъ щыслъэгъуакъым.

– Узыщымытхъуж! Благъуэр псоми зыщагъэпскӀ архъуанэм зэрекӀум ещхьыущ уэри мыбдеж укъызэрыщезэгъыр.

– Зэрынапэншэ а Тото, – йогупсыс Твигэ.

– Благъуэ мы шэдым хэсынуи? – мэдзэлашхэ Буху. – Си дыхьэшхын къомыгъакӀуэ, благъуэ жыпӀэу!

– Уэ иджыри ентӀырыр плъагъурэ, Твигэ, – жеӀэ жирафым, – ар бжьом и лъэныкъуэкӀэ йос.

17

Буху зэрылъэкӀкӀэ и пщэр хешри занщӀэу жеӀэр:

– Ар ентӀырыххэкъым, пэж дыдэу благъуэщ! Бжьо цӀыкӀур къэрехуэкӀ. И къарум къызэрихькӀэ гуэл нэпкъым Ӏуту Буху щӀоцӀывэри псым холъэ. Тото къоскӀэ, и щхъуэфэцым зресэ.

– Благъуэхэр мэдзакъэ!

– Хьэщхьэвылъэхэр-щэ? Плъэт, благъуэм Буху къилъэгъуауэ лъэныкъуэ зрегъэз!

18

Тото гуфIэщауэ долъей.

– Бжьо цIыкIур къригъэлащ, – мэкIий ар, – Буху гуанэжь мыгъуэ! Ура! Ура! Ура!

Зэуэ зэщIоувыIыкIри и тхьэкIумакIэм щIотIахъуэ:

– Апхуэдизу хъыжьэ икIи къарууфIэ хьэщхьэвылъэри кIэ имыIэу щэIуу, гъумэтIымэу къэзыкIухь Бухури зыщ. Дауэ ар апхуэдэу зыкIи мыарэзыуэ, псом щхьэкIи гъумэтIымэу плъагъуу, ауэ зы дакъикъэкIэ гуапэу, хьэлэлу къызэридзэкIыжу зэрыщытыжыр?

Жирафыр погуфIыкIри:

– Сэ сропагэ хьэщхьэвылъэм, – жеIэр абы. – Буху щизакъуэм, и щхьэм фIэкI щемыгупсысым деж игу зыщIогъужри шэчыгъуей мэхъу. Ауэ, нэгъуэщIым и гузэвэгъуэм щIэгупсысу, абы дэIэпыкъуну щыпIащIэм деж ар гурыхьщ икIи лъагъугъуафIэщ.



– Берычэт бесын, Буху, – жеIэр Дик-Дик, – сыту фIыщIэшхуэ пхуэсщIрэ укъызэрыздэIэпыкъуам папщIэ! Ину, инышхуэу берычэт бесынышхуэ!

– Ы-ы-хьм! СыбдэIэпыкъуауи? – щIодыхьэшхыкI Буху. – Уэху, гъащIэр сыту дахащэ! – мэгъумэтIымэ ар, лъэныкъуэкIэ IусыкIыурэ.

Дауи, апхуэдэ щытыкIэ Iэджэрэ къыпхуихуащ уэ, зыри ухуэмейуэ, уеблэмэ уджэгуну уфIэмыфIу, уи нэгу къыщIэхуэу хъуам уафIэнэ, уащыхьэу. ДяпэкIэ апхуэдэу ухъумэ, Буху и Iэмалхэр къэгъэсэбэпи, уи ныбжьэгъум, анэм е уи шыпхъум зыгуэркIэ дэIэпыкъу. Абы ущыгуфIыкIыжынущ. Ауэ уигу къыдэмыж къудей мыхъуу, пэж дыдэу гугъуехь гуэрхэр бгъэвын хъумэ, а псори уэ хуэIуатэ Аущ. Абы Iэмал имыIэу узэхихынщи къыбдэIэпыкъунщ.

# ШЫДЫР ШЫ КЪУЭЛЭН ЗЭРЫХЪУАР

– Шы къуэлэнхэр сыт щыгъуи хужьрэ-фIыцIэ кусэу щыта? – щIэупщIащ цIыкIухэр.

– Ахэр баобаб жыгым и щIагъым щIэсхэт Дауди къажриIэну таурыхъыщIэм пэплъэу.

Мэз дохутырым и дэIэпыкъуэгъу Дауди къыпогуфIыкI:

– Дауэ, ар фымыщIэу ара-тIэ? Ауэ щыхъуакIэ шыд течыгъуейм и хъыбарыр фхуэсIуэтэнщ...

25

Шыд Пундэ арэзытэкъым.

– Захуагъэкъым, – тхьэусыхэрт ар. – Аслъэн Симбэ фэ гъуабжэ дахэ телъщ. Жираф Твиги дыщафэ IэпапIэ хэгъэтIысхьэжауэ телъщи, махуэ дыгъэпсымрэ жыг щIагъ жьауэмрэ ещхьу дахащэщ. Сысейр-щэ? Сысейр ауэ сытми фIыцIэ къудейщ.

26

– Ар апхуэдэу Iей-тIэ? – щIэупщIащ номин Тото. – ФIыцIэр апхуэдэу бжьыгъэ хъуркъым...

Хьэщхьэвылъэ Буху и щхьэр егъэсыс.

– Хьым, жыпIэнурамэ, фэ фIыцIэ птелъыну сэбэпщ. Жэщым укъалъагъуркъым былътырыкуми аслъэнми.

– Эх, – хэщэтыкIащ шыдыр, – нэгъуэщIыфэ стелъамэ арат!

– Мэзыжьым щыIэу жаIэ уи гурылъыр къыщохъулIэ щIыпIэ, – жиIащ Тото, бзаджэу щIэдыхьэшхыкIри.

Буху аргуэру и щхьэшхуэр игъэкIэрэхъуащ.

– А щIыпIэм шынагъуэ Iей гуэрхэр нэгум щыщIэкIыу жаIэ, ар абы кIуэуэ щытмэ, – итIанэ... гм.

– ИтIанэ и хъуапсапIэр къехъулIэнщ, – къэдыхьэшхащ Тото.

27

– Дэнэ а щIыпIэр здэщыIэр? – щIэупщIащ Пундэ. – КъызжеIэт, Тото, дэнэ уи хъуапсапIэр къыщохъулIэр?

– БгъуэнщIагъ телъыджэм, – жеIэ Тото.

– Абы щыгъуэм накIуэ си гъусэу! Сыхуейщ сэ абы сыкIуэну!

Буху аргуэру и щхьэр егъэсыс.

– Уи гугъэ ар тэрэзу?

– ДауикI, си гугъэкъым, – жеIэ Тото. – Ар гъэщIэгъуэнщ.

– Сышэ абы, кхъыIэ, – мэлъаIуэ Пундэ. – Абы и деж узыщIэхъуэпсыр къыщохъулIэр пэжмэ, сылъэIуэнущ фэ хужькIэ. Эх, шыд хужьу ущытыну сыт и уасэ!



– Уу, си лъакъуэхэр... – мэпапщэ Буху. – Сытуи гъуэгу кIыхьт!

– Мис а бгъуэнщIагъым дыкъэсакIэщ, – къыхэкIиикIащ Тото. – ИIэ,Пундэ, еуи щIыхьэ а бгъуэнщIагъми, уи хъуапсапIэр жыIэ.

Шыдым и макъыр къэкIэзызащ:

– Сыту кIыфI Iей ар!

– Пэжщ, – жеIэ Буху, – кIыфIщ икIи цIантхъуэрыгъуэщ – гм – ауэ щыхъуакIэ, ущIегъуэжынуми ухуитщ.

– УвыIэ икIэщIыпIэкIэ, Буху, – хуэшэчыркъым Тото. – Пундэ и щхьэ и унафэ езым ещIыжыф. – Шыд хужь ухъуну ухуей, Пундэ?

– ДауикI, сыхуейщ, – жеIэ Пундэ. – Сыхуейщ! Сыхуейщ!

– Абы щыгъуэ бгъуэнщIагъым щIыхьи уи хъуапсапIэр жыIэ!

– Зэгъусэу дыщIыхьэ мыхъуну пIэрэ? – щIэупщIащ Пундэ.

– Хьым, абыкIэ сэ хъуапсапIэ гуэри сиIэкъым, – пигъэувыжащ Буху. – Уэр-щэ, Тото? Уэ бгъуэнщIагъым ущIыхьэрэ Iэуэлъауэ макъ шынагъуэхэр зэхэпхмэ, шыдым нэхърэ нэхъ псынщIэу хужь ухъунщ.

Тото губжьауэ къыжьэдэхуащ:

– Уэ ущыхъыжьэр бгъуэнщIагъ гупэм дежщ.

– Хуэму, – Iущэщащ шыдыр. – Сэ абы иджыпсту сыщIыхьэнущ.

Бухурэ Тоторэ бгъуэнщIагъ щIыбым деж щыпоплъэ. Зэман докIри Буху жеIэ:

– БгъуэнщIагъ гугъу хуэпщIын хуеякъым абы.



– Ей, фыкъызэплъыт мыдэ, – къэIуащ шыдым и макъ.

Тото дэлъеящ.

– Ар хужьыбзэщ! Пундэ пэж дыдэу хужьыпс хъуащ! Ар дауэ пхузэфIэкIа?

– Сэ бгъуэнщIагъ кIыфIыжьым сыщIыхьэри сыгуоуащ: „Сэ сыхуейщ хужь сыхъуну!“ ИкIи сыхъуащ. Иджы мэз псом си закъуэщ шыд хужьу щIэтынур. Тото, уигу ирихьрэ си фэр?

– Иджы абы фIейуэ хъуар къыкIэрыпщIэнущ. Ар зеикI къабзэу пхузехьэнукъым.

– Сэ абы сегугъуу сыкIэлъыплъынущ, – фIэщхъуныгъэ хэлъу жеIэ Пундэ.

– Хьым, дауи ирехъуи, уэ куэдрэ хужьу ущытыфынукъым. Мыгувэу уэ фIеифэ-сырыхуфэ ухъунщ. ФIыцIэу ущытамэ нэхъыфIт, нэгъуэщI мыхъуми фIейм гу лъыптэнтэкъым...

– Пэж дыдэщ, – щIигъужащ Пундэ. – Зыкъомрэ псоми сагъэщIэгъуэнущ, ауэ итIанэ, фIей сыхъумэ, къысщыдыхьэшхынущ. Уэху мыгъуэ...

– Дэнэ ар здэкIуэр? – щIэупщIащ Буху.

– Аргуэру бгъуэнщIагъым. ФIыцIэ зищIыжыну хэмыту пIэрэ? – жиIащ Тото.

– Тегушхуэгъуейщ абы и дежкIэ. ПсомкIи уэращ къуаншэр, номин ерыщ. Мыбдеж дыкъыщIэпшари сыт? Сыт мыр зищIысыр?



– Тото, Буху, – къэкIиящ шыдыр. – Мис сэ фыкъызэплъыт, аргуэрыжьти фIыцIэ сыхъужащ!

– Пэжщ, – и щхьэр ищIащ Буху. – Мыр дэ тцIыху шыдыращ. Сыту фIыцIэ дахэ!

Шыдым пагэу и щхьэр ищIащ.

– Си гуапэщ уигу сызэрырихьыр. ФIыцIэр фэ дахэщ икъукIэ, пэжкъэ, Тото?

– Пэжщ, ауэ абы зыри гъэщIэгъуэну хэлъкъым.

– Сыт абы къыибгъэкIыр? – щIэупщIащ шыдыр.

– Ым, – жиIащ Тото и щхьэщIыбым щIэтIахъуэри. – Мэзым щIэт шыд псори фIыцIэщ. А псоми зыгуэркIэ укъыщхьэщыкIыну ухуеймэ нэгъуэщI гуэру ущытын хуейщ.

Шыдыр и фIалъэмкIэ щIым теуащ.

– Сыт щхьэкIэ, уэракъэ жызыIар...

– СощIэр, сощIэ, – и щхьэр ищIащ Тото. – Абы щыгъуэ ар сигу къэкIыххакъым. Уэ узахуэщ, фэ фIыцIэр фэ зэшыгъуэщ, зыкIи гу лъыптэркъым.

Шыдыр Iейуэ къэгубжьащ.

– Ауэ щыхъуакIэ, аргуэру зэ сыщIыхьэжынщи...

Тото жеIэ:

– Уи гъусэу сынокIуэ!

– Сэри хъуну пIэрэ фи гъусэу сынакIуэ? – щIэупщIащ Буху.

Тото къыщиудауэ мэдыхьэшх.

– Си гугъэмкIэ, уэ ар зыкIи сэбэп къыпхуэхъунукъым.

– Уэу-у-уэу! – къэIуащ Буху и макъыр дэгуу, ауэ шынагъафэу. – Сыту кIыфI Iей!

– Ей, – гуоуащ Тото.

Джэрпэджэжыр къыпэджэжащ.

– Ей-е-ей!

– Бэяу, – лъэIуащ Буху. – Зыгуэр къытщыбгъэщIынущ.

– Пундэ, иIэт утыкум зыгуэр илъхьэт. – Уэй, сыт мыр зищIысыр? – Тото щабэ гуэрым жьэхэуащ.

– Уэй! Ар си ныбэращ! – къэгубжьащ шыдыр.

– ГъэщIэгъуэнкъым, кIыфIыбзэщ, уэри уфIыцIэщ.

– Сэ вжесIатэкъэ, – гъумэтIымащ Буху. – ФIыцIэр щыфIыр жэщым аслъэным зыщызыгъэпщкIум дежкIэщ жысIэри.

– Сэ хужь сыхъуну сыхуейщ, – кIиящ Пундэ.

– Ар икъукIэ шынагъуэщ, – жиIащ Буху и щхьэшхуэр игъэкIэрахъуэурэ.

– Апхуэдэу щыхъуакIэ фIыцIэу сыщырет, – къыщиудащ Пундэ.

– ИтIанэ адрей шыд псоми уарещхьынущ, – къыщыдыхьэшхащ Тото.

– Оу, хьэуэ, – къэкIиящ шыдыр. – Ауэ щыхъуакIэ, хужьу сыщрет... е фIыцIэу... хьэуэ хужьу...

– Джэрпэджэжу къэIурт:

– ФIыцIэу, хужьу, фIыцIэу, хужьу.



Зэуэ Iэуэлъауэ макъышхуэ къэIуащ.

– ПсынщIэу! – къэкIиящ Тото. – БгъуэнщIагъыр къохуэх.

– ФынышIэпхъуэ! ДыщIэвгъэж!

– Хьа, хьа, хьа, – дыхьэшхащ Тото, къыщIэкIыжа нэужь.
– Хуо-хуо-хуо, – къыжьэдэхуащ Буху.
– Сыт абы дыхьэшхэну хэлъыр? – щIэупщIащ шыдыр.
– Хьа-хьа-хьа, уэ ухужь-фIыцIэщ!

43

– Хьэуэ, зэт! – хэщэIукIащ Пундэ. – Хьэуэ,хьэуэ! Сызэрыщыту сыкусэщ. Аргуэру зэ бгъуэнщIагъым сыщIыхьэжын хуейщ!

АрщхьэкIэ хэтIэсат. Ахэр псори дунейм къыщытехьэж дыдэм ирихьэлIэу бгъуэнщIагъыр къехуэхащ. Пундэ нэщхъейуэ и щхьэр ищIащ:
– Апхуэдизу щхьэ сытечыгъуей!

Хъыджэбз цIыкIухэм ящыщ зы – Елизаветэ, – Iэгу йоуэри:
– Ар къуэлэн щIэхъуар тегушхуэгъуейти аращ.
– АрщхьэкIэ бгъуэнщIагъыр къыщиуэм, псори иухащ. Пундэ нэгъуэщI зыри къыхуэнэжыртэкъым! – жиIащ Мигого.
Дауди и щхьэр ищIащ.
– ДяпэкIэ, шы къуэлэн флъагъуху фигу къэвгъэкI – гъащIэм дэ Iэджэрэ унафэ къэтщтэну дырехулIэ. Сыт хуэдэ унафэ гъащIэм щынэхъыщхьэр?
– Аущ уигукIэ къэщтэнырщ, – жиIащ псынщIэу, нэгъуэщI япэ къримыгъэщын мурадкIэ, Елизаветэ.
– Тэмэмщ! „ТхьитIым ухуэлэжьэн плъэкIынукъым“, – жиIащ Аущ. Ар хуейщ Тхьэм дыхуэлэжьэну дигу итлъхьэну, абы и бынунагъуэшхуэм дыхэпщIэну.

45

# ТОТО И ГЪАЩІЭР ПСЭЗЭПЫЛЪХЬЭПІЭЩ

– Былътырыкум и нэхъ шхыныгъуэфI дыдэр сыт? – еупщIащ цIыкIухэм мэз дохутырым и дэIэпыкъуэгъу Дауди.

Псоми зыжьэу жэуап къатащ:

– Номиным и лыр!

– Апхуэдэу щыхъуакIэ Тото номин цIыкIум и хъыбарыр фхуэсIуэтэнщ.

Тото номин цIыкIур жыгым тест зэрылъэкIкIэ и егъэджакIуэ жираф Твигэ едэIуэн и мураду. Ар абы и дежкIэ тынштэкъым. Къудамэ зытесым темызагъэу къижыхь-нижыхьт, апхуэдизкIэ хьэндырабгъуэхэм ядэджэгун фIэфIти.

Твигэ ткIийуэ жеIэ:

– Гупсэхуу къызэдаIуэт, Тото. Уэ Iэмал имыIэу зэбгъэщIэн хуейщ мэзым щекIуэкI хабзэу щы. Ахэр уэ зэгуэрым сэбэп ин къыпхуэхъужынщ.

Тото хущхьащ, ауэ Твигэм и фӀэщу къыпищащ:

– ГъащӀэм псэзэпылъхьэпӀэ Ӏэджэ къыщохъури уэ Ӏэмал имыӀэу а хабзищри зэбгъэщӀэн хуейщ. Абыхэм утету упсэумэ, уи гъащӀэр шынагъуэншэщ утемытмэ, гузэвэгъуэ ухэхуэнущ.

– Япэ хабзэр зэзгъэщӀакӀэщ, – и щхьэ щытхъужащ Тото. – Былътырыкум гу лъыптамэ, жыг къудамэ нэхъ псыгъуэ дыдэм дэпщей!

Твигэ и щхьэр ищӀащ.

– Тэмэмщ. ЕтӀуанэ хабзэри мыращ: ЗеикӀ шы къуэлэным иужь уимыувэ.

– Сэ иджыри слъэгъуакӀэкъым шы къуэлэн, – жиӀащ Тото.

– Плъагъунщ, иджыри умыпӀащӀэ, – жиӀащ Твигэ, – итӀанэ уигу къэгъэкӀыж: ЗеикӀ иужь уимыувэ шы къуэлэным!

– Сыт щхьэкӀэ? – щӀэупщӀащ Тото.

– Ар йотхауэри, – жеӀэ Твигэ.

– Сэ абы сытеплъэ хъуркъым, – дыхьэшхащ номин цӀыкӀур. – Твигэ, ещанэр сыт хуэдэ?

– ЗеикӀ блэм и нэм ущӀэмыплъэ! Тото, иджы а хабзищри гукӀэ жыпӀэжыфын?

– А щыри жысӀэжмэ, джэгуакӀуэ сыкӀуэ хъуну?

Твигэ и щхьэр ищӀащ.

– Абы щыгъуэ щӀызодзэ сэ, – жиӀащ Тото.



– Япэрауэ: Былътырыкум гу зэрылъыстэу жыгым и къудамэ нэхъ псыгъуэ дыдэм нэс сыдопщейри сытесщ.

ЕтӀуанэрауэ: Шы къуэлэным иужь сиувэркъым.

Ещанэрауэ: Зы бли и нэм сыщӀэплъэнкъым.

Плъагъурэ, сэ хабзищри сощӀэ.

– Хъарзынэщ, – жиӀащ Твигэ. – Уигу игъэлъ икӀи къэгъэсэбэп ахэр. Иджы укӀуэ хъунущ уджэгуну.

Тото гуфIэу дэлъей, – дэпкIейурэ къудамэхэм ирикIуэу щIедзэ. Абы ирихьэлIэу зэхех хьэщхьэвылъэм и макъ тхъунщIар:

– Е-й, уи пщэдджыжь фIыуэ, номин.

– Уи пщэдджыжь фIыуэ, Буху! Уэ зэгуэр плъэгъуагъэххи шы къуэлэн?

Хьэщхьэвылъэм и щхьэшхуэр ещIри:

– Е-ей. Ар шыд фIыцIэ, кусэ хэту? Е шыд хужь, фIыцIэ кусафэу? ИгъащIэм зэхызогъэзэрыхь ар.

Тото мэдыхьэшх.

– УмыщIэу пIэрэ ар щытлъагъунур?

– Ей, атIэ. УмыIэуэлъауэнумэ сэ уэзгъэлъагъунщ ар здэщыIэр. О-о, э-э, плъэт мобыкIэ!



Номиныр къэгуфIащ.

– Мыра шы къуэлэн хъужыр? Дзакъэрэ ар?

– Эй, хьэуэ, Тото. Ар Iэщ сабырхэм ящыщщ. Абы и дзэхэм ущIыщышынэн щыIэкъым. Ауэ защыхъумэ абы и пхэ лъакъуэхэм.

– ПсынщIэу къижыхьрэ абы, Буху?

– СщIэркъым, – хэгупсысыхьауэ жиIащ хьэщхьэвылъэм.

– Жирафым хуэдэу псыщIэу жэрэ?

– СщIэркъым жысIакъэ, – къытригъэзэжащ Буху.

Номиныр къэпIейтеящ:

– КъэсщIэну сыхуейщ!

Зэуи ежэжьащ удз банэ къилъыхъуэну.

– Еплъыт, Буху, ар иджыпсту зэрыщӀэпхъуэнум.
Буху хьэлъэу мэпапщэри:

– ХыфӀэдзэ банэр! Ей, Тото, делагъэ умыщӀэ! Сэ абы сеплъыну сыхуейкъым.

– Ей, Буху, къеплъыт!

И кӀэбдз лъакъуитӀымкӀэ къауэщ, хьэуам тӀэу щыкӀэрахъуэри...

58

... бум! – жери Тото щӀым къытехуащ.

Буху Тото бгъэдэкӀуэтащ.

– О-о, э-э, Ӏейуэ утехуа?

Жэуап лъэпкъ щыӀэтэкъым.

– Тото, зыри щхьэ жумыӀэрэ?

Номиным и нэр къызэтрехри къощэӀу.

– Хьым, – жиӀащ Буху, – шы къуэлэныр къолъэкъуэуащ. Э-э, Твигэ сыкъеджэнщ. Абы ищӀэн хуейщ апхуэдэхэм деж ящӀэ хабзэр. СепӀэщӀэкӀынщ.

61

Тото къэтӀысри и щхьэр иубыдащ. Зэуэ абы и щӀыбымкӀэ фий макъ къызэхех. Макъ щэхукӀэ:

– С-с-сыт мыбдеж къыщыхъуар?

– Шы къуэлэн делэр къызэтхэуащ, – къэгурымащ Тото.

– С-с-си жагъуэ хъуащ, – жиӀащ макъым.

– Сэ услъагъуркъым уэ, – хэщэӀукӀащ Тото. – Си нэхэми зыгуэр къащыщӀащ, си щхьэри мэвури-мэву.

– Апхуэдэу щыщыткӀэ нэхъ гъунэгъуу с-с-сыббгъэдэпщхьэнщ. Иджы нэхъ с-с-сыкъэплъагъурэ?

Тото и нэр егъэупӀэрапӀэри:

– Ухэт уэ?

– С-с-сэ с-с-сыблэщ. Уэ Ӏейуэ ус-с-сымаджэ? С-с-си нэм къыщӀэплъэт? Уэ Ӏейуэ уеша?

Номин цӀыкӀур мэхущхьэ.

– Уи нэхэр зэтепӀи ж-ж-жей.

62

Асыхьэтым Твигэрэ Бухурэ къэсащ. Жирафым жеIэ:

– Блэм Тото игъэжеящ.

Буху ину къэкIиящ:

– И гугъу умыщI номиным!

Блэм жеIэ:

– ЗыIуегъэх, армыхъумэ сыноуэнщ!

– Уэ сэ укъызэуэнуи? – щIодыхьэшхыкI Буху. – УмыпIащIэ зэ, сэ уэзгъэлъагъунщ!

Блэм, зызэригъэжри, Iупщыжащ.

Твигэ щабэу номиным жреIэ:

– Къэуш!

– Сыт мыбдеж къыщыхъуар? – жиIащ Тото, хущхьэурэ.

– УмыщIэ жыхуэсIа дыдэр блэжьащ уэ. Абы къыхэкIыу блэм уишхыным къэнэжар мащIэ дыдэт. Уэ абы и нэм ущIэплъащ.

– Бзэ IэфI дыдэу къыспежьати, пщIэ хуэсщIыну сыхэтащ, – жеIэр Тото.



– АтIэ апхуэдэу щыхъуакIэ, – гу лъитащ Твигэ. – КъыджумыIэфыну пIэрэ мэзыжьым и ещанэ хабзэр?

– Сэ иджы псори къызгурыIуащ, – жиIащ Тото макъ цIыкIукIэ. – Къысхуэгъэгъу уи жыIэ сызэребэкъуар.

Баобабым и лъабжьэр щымт. Къудамэхэр пIэнкIыу мафIэм илыпщIырт. Мэзым жэщ бзу гуэр къыщыджэрт.

– Тото иджы хьэкъыу пхыкIащ хабзэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр, гъащIэр зыхъумэнкIэ хъунур дэIуэныр зэрыарар, – жери иухащ Дауди и хъыбарыр. – Аущ и гъуэгу ирикIуэхэм яжриIащ: „Сэ фIыуэ сыкъэзылъагъум си псалъэр игъэзэщIэнщ“.

– Дауэ ар къызэрыпщIэнур? Дауэ Аущ сэ сщIэн хуейхэр къызэрызжиIэфынур?

Дауди жиIэнум цIыкIухэр поплъэ.

Абы аргуэру Библиер лъагэу иIэтащ.

– Фэ абы и псалъэм фебэкъуэн хуейкъым. Мис мыбыкIэщ дэ ар къызэрыдэпсалъэр. Мы Библиеу къытхуригъэхам нэхъыбэрэ деджэху, дэ нэхъыфIу къыдгурыIуэнущ тщIэн хуейхэр.

# КОКО КЪЫЩАЛЪХУА МАХУЭЩ

69

Бжьо Дик-Дик фIэгъэщIэгъуэнщ:

– Сыту щIыпIэ дахащэ, пэжкъэ, Буху?

– Ы-ы, пэж дыдэу мыпхуэдэ щIыпIэ къэгъуэтыгъуейщ, – къэгурымащ хьэщхьэвылъэ Буху.

– Фызахуэщ, – щыхьэт техъуащ Жирафыр. – Мы жьауэм хэт гуэл дахэр ди ныбжьэгъужь пылым дэр щхьэкIэ иригъэщIауэ аращ.

– Дэ ар игъащIэкIэ тхузэфIэкIынтэкъым, – и пэм къипсэлъыкIащ Буху.

Быф! Гуэлым и курыкупсэм зыгуэрым мывэ къыхидзащ. Ар зи IэщIагъэр номин Кокощ.

70

И Iэбжьыгум мывэр изу къищыпауэ, зыр зым кIэлъыкIуэу гуэлым хеутIыпщхьэ. Сыту гъэщIэгъуэныщэ! Мывэр зэридзым хуэдэурэ ар гуэлым пэгъунэгъу къохъури, гуфIэгъуэ гуэрым зэщIиIэтауэ, дэлъей-дэпкIейуэ и щхьэр и щIагъыу псым холъэ. Ар сыт! А зы напIэзыпIэм абы и кIэр зыгуэрым и жьэм жьэдохуэри псы Iуфэм къыIуелъэфыж.

– Хъунщ ар, – зэхех абы Буху и макъ къэгубжьар, – ирикъунщ уэ а псыр зэрыбгъэутхъуар. Мы гуэл щэху хьэлэмэтыщэр зейр пыл тхьэмыщкIэжьыращ!

Буху Коко аддэ нэс Iуелъэф, и жьэр зэтрехри номиныр къыжьэдегъэхуж.

Коко и кIэр къеIэбэрэбыхьыж.

– Уэ ухьэкIэкхъуэкIэ абэрагъуэ лъагъугъуеижьщ, – губжьауэ къэкIиящ ар.

– Сэ сызыхуейр, сыщыхуей дыдэм деж щызощIэ!

Номиным и бзэгур Буху къыхуредзри напIэзыпIэм жыг щытым дожеиж.

73

Псори IукIыжа нэужь, Коко и закъуэ къэнащ, зыми къимылъагъу и гугъэу аргуэру зэран хъууэ хуожьэ. Абы псы къабзэм мывэ, ятIэ IэмыщIэкIэ хедзэ. IукIей-щIыкIейуэ щIэдыхьэшхыкIыурэ удзхэр, я лъабжьэхэри къыдэкIуэу къэрифыщIыкIыурэ гуэлым хеутIыпщхьэ. ИужькIэ и Iэужьым еплъыжын и мураду лъэныкъуэкIэ щыIукIым, абы къилъэгъуащ пылыр. Ар сабырыбзэу, Iэуэлъауэншэу щытт. Коко зэ пкIэгъуэм жыгым дэлъейри, зы къудамэм илъмэ адрейм пкIэурэ зигъэбзэхащ. Бауэбапщэурэ зыкъомрэ къижыхьа, езэша нэужьщ къыщыувыIэжар.



Махуэ зыбжанэ блэкIащ. Коко къыщалъхуа махуэщ. Жирафым и щхьэр абы пэгъунэгъубзэу къыщыхутащ.

– Коко, сигуми, си псэми къабгъэдэкIыу сынохъуэхъу укъыщалъхуа махуэмкIэ!

Номиныр жирафым и щIыбым долъейри гухэхъуэу мэдыхьэшх.

– Сыкъыщалъхуа махуэр мы гъэм иужь дыдэу согъэлъапIэ, – жиIащ абы. – Сэ нэхъ псынщIэу балигъ сыхъун щхьэкIэ илъэсым тIэу согъэлъапIэ а махуэр.

– О-о, ар пэж дыдэу номинхэм къакъуэкI губзыгъагъ инщ, – дыхьэшхащ жирафыр. – А, къысщыгъупщэрти, Коко, пылым укъелъыхъуэ, укъилъагъуну хуейщ.

Коко укIытауэ жыгым къелъыхыжри, цIутI жимыIэу пабжьэм щыбзэхыжащ.

Жыг абрагъуэм и жьауэм Коко щыIуощIэ бжьо Дик-Дик. И бжьакъуэ зэхуакум абы щиIыгъщ хъэуан хъупа.

– Коко, си гум къыбгъэдэкIыу сынохъуэхъу укъыщалъхуа махуэмкIэ. Тхьэм щхьэкIэ, сIых мы си тыгъэр.

Коко ар куэдрэ зригъэлъэIуакъым. ЗаулкIэ ар щым хъуащ, хъэуан IэфIыр зыIурилъафэрти. Жьэм щыжьдэзым деж, зэрыт-щIэщи, упсэлъэну тыншкъым. Езым лъэкIыжрати къиIущэщащ:

– Сыту фIы укъыщалъхуа махуэр бгъэлъэпIэну. Нобэ щегъэжьауэ илъэсым хуэзэу ар щэнейри згъэлъэпIэнущ.

Дик-Дик къыпыгуфIыкIри, жиIащ:

– Зэхэпхагъэнщ уэ, дауикI, пылым укъызэрилъыхъуэр?!



– Сыт абы спихыну зыхуейр? – щIэупщIащ Коко, къэмыхъуаIа хуэдэу фэ зытригъауэри.

– Укъыщалъхуа махуэм зыгуэр тыгъэ къыпхуищIыну ухуейуэ армырауэ пIэрэ? – жэуап къитыжащ Дик-Дик. – Пэжщ, ар къэблэжьакъым. ПщIэжрэ и гуэлым епщIауэ щытар?



– Сэ зыми зыри есщIакъым, – темыгушхуащэу жиIащ Коко, а зэхищIыхьа псори пылым зэрилъэгъуар ищIэ пэтми.

Номиныр и лъагъуэм теувэжащ, къыщалъхуа махуэр апхуэдизу зэрымыгуфIэгъуэ дыдэм егупсысурэ.

Гъуэгум Коко къыщыIуощIэ хьэщхьэвылъэр. Буху погуфIыкI.

– Iыхьым. Сэ тыгъэ хьэлэмэт пхузиIэщ, Коко. Укъыщалъхуа махуэм фом хуэдэу хъуауэ хъэуан.

– Берычэт бесынышхуэ, Буху, сэ хуабжьу сфIэфIщ хъэуан. ДяпэкIэ илъэсым плIэ згъэлъэпIэнущ сыкъыщалъхуа махуэр.

– Э-э-э, зэрыпщIэщи, хьэщхьэвылъэм хъэуаныр щиIыгъын иIэкъым, Коко, абы къыхэкIыу си жьэм хъэуаныр жьэдэслъхьати, сщыгъупщэжри, езгъэмэрэкIуэхащ. Ауэ сытми хъэуант ар.

– Си хъэуаныр пшхауи? – кIиящ Коко, и жагъуэ хъуауэ.

Буху и щхьэр ищIащ:

– Хъэуан бэлыхьщ, фоупс хъужу! Ауэ, сэ къызэрыслъытэмкIэ, гукъэкIырщ нэхъ лъапIэр, езы саугъэтыракъым. А, сщымыгъупщэж щIыкIэ, уэ зэхэпхакъэ пылым укъызэрилъыхъуэр?

Коко Буху зыхузэкIэщIешри зыIурегъэх.

– Хьэуэ, апхуэдэ тыгъэ хуэфащэкъым абы, – къиIущэщащ Буху, и щхьэшхуэр ищIурэ, – хъарзынэу сщIащ ар абы зэрезмытар.



Коко еша-елIауэ гъуэгум здытетым пылым жьэхэуэным тIэкIущ иIэжар. Къащтэри, япэ щIыкIэ мывэм хуэдэу жащ, итIанэ, зыкъиищIэжри, щIэпхъуэну хуежьащ, арщхьэкIэ къызэхищIащ и лъакъуитIыр къызэремыдэIуэжыр, и Iури зэригъущыкIар.

– Сэ... э-э... – къыкъ хъуауэ къыщIидзащ абы икIи и нэгу къыщIэувэжащ гуэл къабзабзэм ятIагъуэр, фIейхэр щыхидзэм, а псори илъагъуу пылыр щыму зэрыщытар.

– ГукIи псэкIи сынохъуэхъу уи махуэ лъапIэмкIэ, – къызэхихащ абы пылым и макъ лъахъшэ гуапэр.

Коко щэхубзэу и щхьэр къимыIэту къиIущэщащ:

– Берычэт бесын.

– Къеплъыт мы сэ къыпхуэсхьа тыгъэм, – жиIащ пылым.

Коко хуэм цIыкIуу къыдэплъеймэ, елъагъу фIыуэ хъуа банан бла. Абы тыгъэм и Iэр хуеший, ауэ зэуэ ирехьэхыжри, и щхьэр игъэкIэрахъуэурэ, щэхуу жеIэ:

– Сэ уи гуэлым ятIэ хэздзащ, Томбо. Къысхуэгъэгъу.

Асыхьэтым апхуэдизкIэ щэху хъуати, зэхэпхыр Коко и гум и къеуэкIэ къудейрт.

– Сэ схуэфащэкъым уи гулъыти, уи тыгъи, – Iущэщащ ар.

– Мыр тыгъэщ, Коко, ар и щыхьэтщ уэ пщIар мы бананхэр къыпызмыч щIыкIэ зэрыпхуэзгъэгъуам.



Коко хуабжьу укIытащ.

– Берычэт бесын, Томбо.

Банан блам и инагъыр езы Коко къызэрыкIэрыху щыIэтэкъым.

– Берычэт бесынышхуэ, – гуфIэу къытрегъэзэж Коко, – иджы уи гуэлым сыкIуэнщи згъэкъэбзэжынщ.

Пылыр лъагэшхуэщи, и нэхэр щIиукъуанцIэурэ къыхуоплъых. Ауэ абы Коко гу лъитэркъым, ар иджыри укIытэм ехь, пылым ирищIа хьэдыгъуэдахэм щхьэкIэ.

– Сэ ар згъэкъэбзэжакIэщ, Коко, – щабэу, гуапэу къэIуащ пылым и макъыр.

– Сэ схуэфащэкъым мы тыгъэр, – къиIущэщащ Тото аргуэру.

Банан блар ихьу здэкIуэм Коко зэгупсысыр зыт, пылым къритар жираф Твигэ, хьэщхьэвылъэ Буху, бжьо Дик-Дик сымэ зэрыдигуэшынрат.

Апхуэдэуи ищIащ, икIи а махуэр Коко къыщалъхуа махуэфI дыдэу къыщIэкIащ.

Бзаджагъэ щыпщIа къэхъуа? Абы иужькIэ зыми фIыуэ укъамылъагъужу къыпщохъу. Ауэ дауэ мыхъуами а укъызэралъэгъуам хуэдэу йокIуэкI. ПщIэрэ, Тото, уэ сыт щыгъуи хэт фIыуэ укъилъагъуми? Ар Аущщ. Абы езым зигъэлIащ уи гуэныхьхэм щхьэкIэ. Уэ абы и пащхьэм зыщыбумысыжын къудейуэращ зэхэпщIыхьахэм узэрыхущIегъуэжамкIэ. ИтIанэ шэч къытомыхьэ Абы зэрыпхуигъэгъунумкIэ.

# ТОТО ДЫГЪЭМ ЖЬАУЭ ЩИМЫДЗ ЩІЫПІЭМ ЗЭРЫЩЫІАР

# ЭКВАТОР

91

Номин цIыкIу Тото и Iыхьлыхэр зригъэлъагъуну ежьащ. Ахэр щыпсэурт адэ мэзыжьым и кууупIэу тхьэмпэ щхъуантIэ налкъут-налмэсыфэ зыпыт жыг абэрагъуэхэр зэрытым. А щIыпIэм щыIэ гуэлым и щыгум, удз гъэгъахэр къафыхьу хьэндырабгъуэхэр щоджэгу.

92

Зэуэ Тото къелъагъу зы жыг зэрамыщIэжь. Нэхъ гъунэгъуу бгъэдыхьэмэ абы еIулIащ гъуэгугъэлъагъуэ, мыпхуэдэу тету:

ЭКВАТОР

Тото и щIыбагъымкIэ щызэхех жираф Твигэ и макъ:

– Мыр икъукIэ щIыпIэ гъэщIэгъуэныщэщ, Тото.

– Э-э-э, пэжщ, – щыхьэт техъуащ Буху. – Мыбдежыр щIым и курыкупсэщ.

# ЭКВАТОР

94

Тото и нэр къицIуукIащ.

– Пэж дыдэуи? – щIэупщIащ ар.

– НтIэ, – жэуап къитащ Твигэ. – Иджы ухэдэ хъунущ. Мес, мо жыг баобаб абэрагъуэм и ижьырабгъумкIэ удэпщеймэ, укъыщыхутэнущ щIы хъурейм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ. Абы щыгъуэм экваторым узэпрыкIа мэхъу. КIэщIу жыпIэмэ, ухэдэу къыхэпх хъунущ уздэщыIэну нэхъ узыхуей щIыпIэр.

Тото и щхьэм щIотIахъуэ. Номин цIыкIум и дежкIэ а псори гурыIуэгъуейщ.

97

Тото Iэджэрэ зэхихауэ ищIэрт ипщэ лъэныкъуэмкIэ гъащIэр зэрыщыдахэр. И щхьэм зы напIэзыпIэм гупсысэ Iэджэ щызэхэзежащ. Сыт хуэдизрэ абы зэхиха ипщэкIэ Iэпхъуа номинхэм я гугъу. Мис иджы езым и дежкIи а гъуэгур зэIухащ. Абы иджы ищIэну къыхуэнэжар зыщ – тегушхуэу жыгым и адрей лъэныкъуэмкIэ елъэнырщ.

– ИпщэкIэ сытым щыхуэдэну пIэрэ гъащIэр? – йогупсыс Тото. – Сыту пIэрэ зэхэсщIэнур баобабым и къэблэ лъэныкъуэмкIэ сыкъыщыхутэмэ?

Ар зэрыпIейтейм, уеблэмэ, щIыIэ худригъэхуащ. Щхьэ зэпырыцIэфту ипщэ лъэныкъуэмкIэ щыпсэу мыхъурэ, е ищхъэрэ лъэныкъуэм къыщынэжмэ нэхъыфIу пIэрэ? Абыхэм егупсысу Тото тетщ къудамэ гъумыщIэм йокIукI-къуокIукIри, къуокIукI-нокIукIри.

98

Асыхьэтым Тото къызэхех макъ гъэщIэгъуэн, макъ щабэ удэзыхьэх.

– ИпщэкIэ хъарзынэу ущыпсэунущ, номин цIыкIу! – ПсынщIэу къех жыгым, сэ уэзгъэлъагъунщ узэрыкIуэну гъуэгур. Уэ къыппоплъэ Iуэхугъуэ хьэлэмэтыщэхэр. Абы уэ щыпщIэ хъунущ алъандэрэ къыппаубыду щыта псори.

100

Жирафымрэ хьэщхьэвылъэмрэ жыг жьауэм щIэту а псалъэмакъыр зэхах. Абыхэм номиным и нитIым щIалъэгъуащ Iуэху хьэлэмэтыщэ къыпэщылъхэм зэрыщIэхъуэпсыр!

– Ар блэращ ! – кIиящ Твигэ. – Абы ещIэ ди гупым узэрыхэтри утхишыну хуейуэ аращ. УемыдаIуэ блэм! Ди гъусэу къанэ. ИщхъэрэкIэ ущыпсэуныр къыхэх. ИтIанэ ухъунщ насыпыфIэ, зыми ущымышынэуи упсэунщ.



Тото игу къэкIжащ и ныбжьэгъухэу Твигэ, Буху, пыл гуапэжьыр, бжьо Дик-Дик сымэ. И гум IэфIыгъэр из къэхъуащ. ИкIи тегушхуащ. Ар къудамэм ирожэри ину жеIэ:

– Сэ ищхъэрэкIэ сыкъыщонэж!

А напIэзыпIэм ину пкIэри, тыншу къудамэм тетIысхьащ.

Тото къэпIейтеяти жыгым зыкIэрикъузащ. Абы мурад ищIащ ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ къыщынэну. Иджы Тото зыгуэр къэхъуным пэплъэрт. АрщхьэкIэ зыри къэхъуакъым. Ар блэм емыдэIуауэ арат. ИкIи зыри зыхищIакъым. Псори зэрыщытам хуэдэу къэнэжащ. Ауэ иджы и ныбжьэгъухэри къыбгъурыхутэжащ: Твигэ, Буху, Дик-Дик сымэ я гур псэхужауэ, Тото худоплъей.

– ЗэикI зыщумыгъэгъупщэ блэм и нэм ущыщIэплъа махуэр, – жеIэ Твигэ.

Абдежым Тото игу къокIыж блэм щишх пэта махуэ шынагъуэр. Абы къызэхех жирафым и макъ гуапэр:

– Тото, уэ уимыгугъэу пIэрэ ипщэ лъэныкъуэмкIэ щынэхъыфIу? Зэи блэм дзыхь хуумыщI. Мо жыгыжьым уфIэмыкI. Ар зыщумыгъэгъупщэ!

Тото и щхьэр ищIащ. Номин цIыкIум и акъылыр а псом пэмылъэщ хуэдэт.

– Твигэ, блэм и жыIэ сызэрыфIэкIам папщIэ зэхъуэкIыныгъэ гуэр щхьэ къэмыхъуарэ? – щIэупщIащ ар. – Сыт ищхъэрэкIэ сыкъэнэн щIыхуейр, ипщэкIэ гъащIэр апхуэдизу щыдахэмэ?

– Сыт щхьэкIэ жыпIа? Уэ иджыри уделэ цIыкIущ. Ухэхъуэурэ, къыбгурыIуэнущ. Нэхъ жыжьэу укIуэ къэс, нэхъ шэчыншэ хъунущ гъуэгу пэжым узэрытетыр. НасыпыфIи ухъунущ.

Тото зимыгъэхъейуэ жыг къудамэм тесщ.

Ар къоджэ гъуэгугъэлъагъуэ жыгым кIэрыIулIам ижьымкIэ къыщыщIидзэрэ сэмэгумкIэ кIуэуэ, иужькIэ сэмэгумкIэ къыщыщIидзэрэ ижьымкIэ ирикIуэу. Ар абы къеджэрт жыг къудамэм IэпщэкIэ зыкIэрищIарэ хъыринэм хуэдэу ещIэу, итIанэ и кIэр къудамэм кърищэкIарэ аргуэру хъыринэм хуэдэу зыщIиупскIэу.

– Пэжщ, – жиIащ абы. – Сэ зыри зыхэзмыщIэми мурад тэмэм сщIащ.

– Пэжщ, Тото, узахуэщ, – къыпыгуфIыкIащ Твигэ.

– Э-э-аращ, – щыхьэт техъуащ Буху, – уи ныбжьыр къыдэкIуэтеиху ар нэхъ зэхэпщIэнущ. Тото абыхэм яхэту макIуэ. Ар иригуфIэрт унафэ тэмэм къызэрищтам. Блэр пабжьэм хэпщхьэжащ.



Зэи къыпхуимыхуауэ пIэрэ гъуэгу узэрыкIуэнур зыхуэдэр умыщIэу? Языныкъуэхэм деж гъуэгу нэпцIым ущигъэщхьэрыуи къэхъуагъэнщ. Апхуэдэхэм деж уэ Ауш лъэIукIэ зыхуэбгъэзагъэнщ гъуэгу тэмэмыр уигъэлъагъуну.
Мис апхуэдэу, Тхьэм зэрыфIэфIым хуэдэу пщIымэ, къэхъуагъэшхуи щымыIэ хуэдэу къыпфIэщIми уи гъащIэм хэпщIыкIыу зихъуэжынущ.

# ЭКВАТОР

– Дауди, иджыри къыджыІэ, кхъыІэ, зы хъыбар гуэр. Зы закъуэ нэхъ мыхъуми, – лъэІуащ цІыкІухэр.

Ахэр жыгышхуэ щІагъым щІэст, Дауди къахуищІэным пэплъэу. Мэз дохутырым и дэІэпыкъуэгъу Дауди тІэкІурэ гупсысащ.

– ФщІэрэ, номин зи щхьэм темылъ тезылъхьэр, дэпсэлъейр ажалым къызэрела хъыбарыр? ФщІэркъэ? Абы щыгъуэ фыкъэдаІуэ...



# АСЛЪАНЫФЭ ЗЫТЕЛЪ НОМИН

– Нобэ мэзыжьым щымахуэ бэлыхьщ! – жаІэрт хьэкІэкхъуэкІэхэм. Хьэщхьэвылъэ Буху и закъуэт зыри жызымыІэр. Ар иукІырт упщІэ гуэрым и жэуапым.

– Ей, Твигэ, – зыхуигъэзащ абы щымыхъужым жирафым, – аслъэнхэр жыгым дэпщей хабзэ?

– Иныкъуэхэм деж, – жиІащ Твигэ.

– Модэ еплъыт мобы, – къыпищащ Буху. – Ар иджыпсту и кІэмкІэ къудамэм кІэрыщІауэ зыщІеупскІэри фІэлъщ. Ар губжьым къыхэкІауэ арагъэнщ.

– Си гугъэмкІэ, апхуэдэ аслъэным дыщІыщышынэн щыІэкъым дэ, – къыпыгуфІыкІащ Твигэ. – НакІуэ сэлам етхынщ абы.

– Ей-уэ, къудамэрыс, – кІиящ Буху.

– А-а? Р-р-рр-р! Гъунэгъуу фыкъызбгъэдэмыхьэ, арыншамэ лыIулыIуу фызэпкърыстхъынщ. Р-рр-р!

– Уи фIэщу жыпIэрэ? – жиIащ Твигэ. – Уэ хэт ухъуну?

– Унэф уэ? Сэ хьэкIэкхъуэкIэ псоми саритепщэщ!

– Тото! Хъуным яшхыжа аслъэныфэр зытебгъэлъэдауэ сы-аслъэнщ жори уокIий. Ар икъукIэ дыхьэшхэнщ.

– АфIэкIа апхуэдэу укъызэмыпсалъэ, Твигэ, сэ нобэ къыщыщIэдзауэ сыноминкъым. Сэ аслъэн сыхъуащ.
Сэ псори аслъэным ещхьу сощIэ. Сшхыри аслъэным яшхым хуэдэщ. Сызэрыгубжьри аслъэнхэм ещхьущ. Р-ррр-р!
КъыщыскIухьри аслъэнхэм я зекIуапIэрщ.



Твигэ абы еущиеу щIедзэ.

– Аслъэным зебгъэщхь къудейкIэ уэ апхуэдэ ухъункъым.

– Уэху, – щэтащ Буху.

– Сыт-пIа? – хэкIиикIащ Тото. – Аслъэныфэр дэгъуэу си пкъым илъщ. Си теплъэкIи сыуардэщ икIи сышынагъуэщ ... икIи...

– Аслъэн ухъун папщIэ апхуэдэу укъалъхун хуейщ.
Уэ нэгъуэщI псэущхьэ ухъун хуейщ, – къыпищащ Твигэ.

АрщхьэкIэ Тото абы едаIуэркъым.

– Еплъыт си зекIуэкIэр аслъэным зэрещхьым, Буху, – кIиящ ар. – Сызэрышэрыуэми еплъыт. Сыхуейт сщIэну хьэкIэхъуэкIэ губзыгъэ дапщэ щIэсми мэзым.

– Дауэ щымытами уэ уи гугъэм нэхърэ зыкIэ нэхъ мащIэщ губзыгъэу мэзым щIэсыр, – жиIащ Твигэ. – ДжэгукIэ шынагъуэщ узэрыджэгур.

– Дауэ хъуну адрей хьэкIэкхъуэкIэхэм уаIущIэмэ? – щIигъужащ Буху.

Тото мэдыхьэшх.

– Нышэдибэ былътырыкум сыIущIащ. Сыкъилъагъури занщIэуи бзэхащ. Абы къыгуроIуэ аслъэным фIы къызэрыпумыхынур.

– Гукъыдэж зимыIэ пэ бжьакъуэм е къаплъэн нэщIа ухуэзмэ, сыт хзунур?



Тото къэгъуэхъуащ.

– Сыт жыпIэр зищIысыр? Сэ мэз псом я тепщэр сыкъалъагъуми? Си гъуахъуэ макъыр зэхахмэ, я псэр хэкIынущ, си гурым макъыр зэхахмэ, псори бзэхынухэщ.



– Ы-ы-м, – егупсысащ Буху, – мы номиныр губзыгъэ щыхъунур зэ къиса нэужьщ.

Асыхьэтым абы шынагъуэ гуэрым гу лъитащ.

– Сакъ! – жиӀащ абы. – Мэз джэдур къызэрыблагъэр зэхызощӀэ. Тото, псынщӀэу жыгым дэлъей, абы укъимылъагъу щӀыкӀэ. НакӀуэ, Твигэ!

– Абы едаӀуи нэхъыфӀщ! – къэгуоуащ Твигэ. – Аслъэным зебгъэщхьурэ нэхъ иужькӀэ уджэгунщ.

АрщхьэкӀэ Тото зызэхуиша къудейщ.

– Сэ сышынэркъым! Мэз джэдухэм ящӀэ аслъэнхэр зыхуэдэр. Р-рр-р! КӀуэ, Буху, зыгъэпщкӀу ушынэу щытмэ.



– Мэз джэдур мыбыкӀэ къакӀуэуи? Сэ иджыпсту абы езгъэлъагъунщ! Р-рр-р! Р-рр-р!

И аслъэн пщэцыр игъэджэгуурэ къэдыхьэшхащ.

– Иджы ар мышынэмэ си Ӏуэхущ.

Зэуэ Тото гъуахъуэ макъ зэхихащ.

– Хэт ар? – щӀэупщӀащ ар.

Мэз джэдур аргуэру къэгъуэхъуащ.

– ЩӀэпхъуэ, Тото! – аддэ къигуоукӀащ Твигэ.

– ПсынщӀэу щӀэпхъуэ! – къыдежьууащ абы Буху.

Тото къызэплъэкӀмэ мэз джэдум и нэм щӀоплъэ.
Мэз джэдур аргуэру шынагъуэу къэгъуэхъуащ.
Тото и макъыр тӀысри псыгъуэ цӀыкӀу хъуащ.

– А уи пӀэм къинэж, джэду дахэ цӀыкӀу! Уи пӀэм уимыкӀ жысӀакъэ! Сэ хьэкӀэхъуэкӀэ псоми сырапэщтыхьщ. Ауэ... ФыкъыздэӀэпыкъу!



Тото и аслъэныфэр къытехуащ, жыгым дэлъейуэ къудамэ псыгъуэм зыкӀэрищӀа нэужь. Апхуэдэ щӀыкӀэкӀи ажалым къелащ.

Мэз джэдури а жыг дыдэм дэлъеящ. Жыг къудамэ нэхъ лъэщым тетIысхьауэ ар поплъэ номиным ищIэнум. Ар абы махуэ псом пэплъащ, номинып IэфIым и гурыIупсыр къигъажэу. Дыгъэр къухьэу мазэр къыщыщIэкIами ар абы пэплъэрт. ИужькIэ мэз джэдур щхьэукъуа нэужькIэ, Твигэ жыгым ежэлIащ. Тото абы и пщэ кIыхьым зыкъридзри ажалым къыIэщIэкIащ.

– Аращ номиным и губзыгъагъэр здынэсыр, – жиIащ Твигэ.

Тото нэщхъейуэ и щхьэр ищIащ.

129

– Твигэ захуэт, пэжкъэ? – къыпыгуфIыкIащ Дауди.

– ДауикI! – зыжьэу жэуап къатащ псоми.

– Хьа-хьа-хьа-хьа, – къэдыхьэшхащ Мигого цIыкIу, – сыту делэ Тото. – Дауэ номиныр аслъэныфэ зытрилъхьэрэ гъуахъуэ щхьэкIэ аслъэн зэрыхъунур?

– Ар абы къыгурыIуэжащ мэз джэдур къыщилъэгъуам, – къыпигъэуващ Елизаветэ.

– Тэмэмщ, – и щхьэр ищIащ Дауди. – Дэри зэикI дыхъунукъым чристэн абыхэм зедгъэщхь щхьэкIэ, абыхэм хуэдэу дыпсалъэ къудейкIэ. Гугъуехь гуэр, е шынагъуэ къыщытлъыкъуэкIам, е зыгуэрым дыкъыщигъэгубжьам деж зэхэкIынущ Аущ ди псэм щыщмэ, е аслъэныфэм хуэдэу чристэныфэ зытедгъэуамэ.

– Аущ ди псэм щыщмэ, итIанэ дычристэн нэс? – щIэупщIащ Мигого.

Дауди къыпыгуфIыкIащ.

– Тэмэщ. Аущ хэт елъэIуми къыхуокIуэри, а къызыхуэкIуам цIыхущIэ къыхещIыкI.

130

Зэгуэрым Дауди цIыкIухэм яхэсу жыг лъабжьэм щIэст. ТаурыхъыщIэ щыжаIэнум и чэзур къэсати, Дауди къыщIидзащ:

– Сэ нобэ зи гугъу фхуэсщIынур гъуджэращ. Абы сытым щыгъуи фызэрыщыт дыдэу фыкъегъэлъагъу.

– Сытым щыгъуи? – щIэупщIащ цIыкIухэр.

– Сытым щыгъуи, – и щхьэр ищIащ Дауди.

132

# ХЬЭЩХЬЭВЫЛЪЭМРЭ ГЪУДЖЭМРЭ

133

Номин цӀыкӀу Тото дэ къигъуэтати и гуфӀэгъуэмкӀэ бжьо Дик-Дик дэгуэшащ.

– Дик-Дик, сэ дэ ӀэфӀыщэ къэзгъуэтащ. НакӀуэ, хьэщхьэвылъэ Буху къэтлъыхъуэнщи едгъэкъутэнщ. ХьэкӀэкхъуэкӀэхэм яхэткъым абы хуэдэу дзэ быдэ зыӀут.

Ахэм хьэщхьэвылъэр псы чэнж гъунэм къыщагъуэтащ.

– Буху ! – егуоуащ номиныр. – Сыту фӀыщэт дызэрызэхуэзар!

– Си гугъэмкӀэ, дэ абы дызэхихыркъым, – жиӀащ Дик-Дик.

Тото набдзэгубдзаплъэу Буху еплъащ.

– Жейуэ пӀэрэ? Хьэуэ, и нэр къызэтехащ. Сэ абы сепсэлъылӀэну сыхуейщ, – жери гуфӀэжу абы епсэлъылӀэн щӀидзащ хьэщхьэвылъэм.

– Буху, си къуэш быхъушхуэ...

– Иджы уэ псори зэӀыбгъэхьащ, – гъумэтӀымащ Буху. – Сэ сыпэплъэу арат псыр сабырыжыным. Абы сэ къызжиӀащ: „Псыр мыхъеижу сабыр хъуа нэужь уи нэкӀур плъагъужынущ“, – жери.

– Хэт ар жызыӀауэ жыхуэпӀэр? – щӀэупщӀащ Тото.

135

– Номин бжьыфӀэ лъагъугъуафӀэжь гуэрым къызжиӀащ: „Буху, псыр щымыбзэ хъурэ сабырыжмэ хэплъи, уэ плъагъужынущ уи нэкӀур“.

Дик-Дик Ӏэдэбу щӀэупщӀащ:

– Буху, дэ Ӏейуэ ди жагъуэ хъуащ псыр зэрыдгъэутхъуар, ауэ уэ сыт уи нэкӀур плъагъужыну ущӀыхуейр?

– О, – къыпыгуфӀыкӀащ Буху, – номин бжьыфӀэ лъагъугъуафӀэм къызжиӀащ сэ сыдахащэуи, иджы ар пэжмэ къэсщӀэну сыхуейщ.

136

– Дэнэ а номиныжьым ущыхуэзар? – щӀэупщӀащ Тото, дыхьэшхыурэ.

– Ар мы дыгъэвэхым хэсауэ ара?

– Ыы-ы, хьэуэ. ЖыпӀэнурамэ, ар псы гъунэм Ӏутауэ аращ. Ар псым зэпрыкӀыну хуеяти куущэт, езыр есыфтэкъыми, мыпхуэдэу жеӀэ: „Сыту удахащэ, хьэщхьэвылъэ!“

138

Тото гупсысэхыу и щхьэр ещӀ.

– Абы къыгурыӀуар уэ узэрыдахэм и закъуэкъым, атӀэ хъарзынэуи узэресыр, абы и щӀыӀужым псоми уадэӀэпыкъуну узэрыхьэзырми гу лъитагъэнщ.

– Пэжщ, – къыпыгуфӀыкӀащ Буху, – псори абы сэ къыздищӀэу къыщӀэкӀащ, япэм щыгъуэ сэ ар сцӀыхуу щымытами.

Тото и нитӀыр аргуэру къэцӀууащ.

– КӀэщӀу жыпӀэмэ, уи гуапэ хъун Ӏэджэ абы къыбжиӀати, абы папщӀэ ар псым зэпрыпхауэ аращ. Апхуэдэу щыщыткӀэ, сэрикӀ, дауикӀ, укъыздэӀэпыкъунущ. Мис, мы дэ къэзгъуэтар схуэкъутэ, Тхьэм щхьэкӀэ, си псэм хуэдэ Буху!

141

– Сыту номин лъагъугъуафӀащэт, – гъумэтӀымащ Буху. – „Хьэщхьэвылъэ дахэ“, жиӀащ абы. Ар нэгъэсауэ ныбжьэгъуфӀщ.

Тото аргуэру зы лъэбакъуэкӀэ бгъэдэкӀуэтащ хьэщхьэвылъэм.

– Сэри суриныбжьэгъу пэжщ, Буху, – жиӀащ абы. – Сэ иджыри къэс бжесӀакъэ узэрыдахэр?

– Зэи зыми ар къызжиӀакъым.

Буху и псалъэм гукъанэ хэлът.

– Уэй мыгъуэ, сэ си гугъащ уэ ар куэд щӀауэ пщӀэуэ. Ар щӀыбжезмыӀар зыкъыпфӀэмыщӀыжын щхьэкӀэщ. – Буху, уи нэкӀум сыщиплъэм деж сэ изолъагъуэ хьэл-щэныфӀ, лӀыхъужьагъ, къару.

– Дауэ а псор си нэгу зэриплъэгъуэнур?

– А уи нэкӀу зэлъахэм къадызоджыкӀ, – жэуап къитащ Тото.

142

– Схуэкъутэ, кхъыІэ, мы дэр, – къэлъэІуащ Дик-Дик.

– Хьэуэ, иджы схузэфІэкІынукъым, – гъумэтІымащ Буху. – Сэ сокІуэ псы уэм къэзгъуэту япэ щІыкІэ си нэкІур зэзгъэлъагъужыну.

– Апхуэдизу Іэмал имыІэу уи нэкІур плъагъужыну ухуеймэ, – жиІащ Тото, – сэ гъуджэ къыпхуэзгъуэтынщ. Ауэ абы уиплъэмэ, мы дэр тхуэпкъутэн?

– Іэмал имыІэу, сызэплъыжа нэужь, – къытригъэзэжащ Буху.



Тото гъуджэшхуэ къилъэфри Буху и пащхьэм иригъэуващ.

– Псори фыІукІуэтыт, – кІиящ ар. – Уи закъуэщ мыбы иплъэнур. Иплъэ, урикъуху, узэрыщыт дыдэр къэпщІэну ухуеймэ.

Буху гъуджэм йоплъэри:

– Уэй, мыр сыт зиІысыр, – щІэупщІащ къыкъ хъуауэ.

– Сыт, сыт зиІысыр жыхуэпІэр? – щІэупщІащ Тото.

– Хэт мо нэкІу пшэр Іувыжьыр зейр?

– Уэращ, – щІэдыхэшхыкІащ номиныр.

– Сысейуи? ПцІыщ! Сэ сыапхуэдэкъым. Ар хъункІэ Іэмал зимыІэщ, апхуэдэфэ стетыну! Хэт апхуэдэ теплъэ иІэну хуейр?! Слъагъу хъуркъым гъуджэ жыхуаІэр!



Буху хуабжьу къэгубжьащ. Хъийм икІауэ мэгуо:

– Мыри уи гушыІэ делэхэм ящыщ зы хъунщ, Тото, мис а слъагъу мыхъухэм. „Сыту хьэщхьэвылъэ дахащэ!“ жиІащ номиным. Апхуэдэ теплъэ сиІэ нэхъей. Гъуджэри делэ хъужащ. УкъыздэгушыІэну ухуеягъэнщ, Тото, пэжкъэ?

– ИІэт, гъэтІылъыт гъуджэр.

Тото дзыхьмыщІу хьэщхьэвылъэм йоплъ.

– ГъэтІылъ! – унафэ хуищІащ Буху. – Сыт нэхъ пщІэну узыхуейр?

– Мис мыращ, – жери кIиящ Буху икIи гъуджэм теуващ, абдж къутахуэхэр игъэлъейуэ.

– Уэ ар пкъутащ, – губжьауэ кIиящ Тото.

– Аращ. Слъагъу хъуркъым сэ гъуджэ!

Хуабжьу игу щIыхьауэ Буху псым зыщIигъэмбрыуащ, номин цIыкIум и дэри хуимыкъутэу.



– Сыту делэ мыгъуэ Буху, – жаIащ сабийхэм. – Гъуджэм пэжыр къиищащ.

– Аращ, – и щхьэр ищIащ Дауди, – ауэ абы пэжыр игу ирихьакъым. Абы и пIэ ситатэм сэри сигу ирихьынутэкъым.

ИужькIэ абы лъагэу иIэтащ цIыкIухэр куэд щIауэ зыщыгъуазэ Библиер.

– Флъагъурэ мы Тхьэшхуэм и гъуджэшхуэр? Мыбы иплъэ псоми ахэр зэрыщыт дыдэр ярегъэлъагъуж, езыр Тхьэм зэрилъагъу дыдэм хуэдэу къощ, – жери ар Африкэм щыщ зы щIалэ цIыкIу гуэрым еплъащ.

– Мигого, уигу ирихьа нетIэ мыбы дыщиплъам итлъэгъуар?

– Хьэуэ.

– Ауэ зыри къэнэжын хуейкъым зэрыщыта дыдэм хуэдэу.

Ягъэщlагъуэу псори Мигого еплъащ. Езым зыри жимыIэу и хьэм Iэ дилъэу щыст.

– Пэжщ а жыпIэр, – къыщхьэщыжащ абы Дауди. – Мы тхылъ лъапIэм ди закъуэкъым зитлъагъуэжыр, атIэ езы Аущ идолъагъуэ! ИкIи сыт абы къыджиIэр?

– ФыкъакIуэ псори си деж – сабиикI балигъикI, сэ Тхьэм и нэфI зыщыхуэн цIыху къыфхэсщIыкIынхэщ. Апхуэдизу фызэсхъуэкIынущи, фыгуфIэжу Тхьэшхуэм и гъуджэшхуэм фиплъэу сщIынущ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сэ псори фIыуэ фызолъагъури.

# ТОТОРЭ ДЖЭДЫКІЭ ШКІУМПІЫМРЭ

155

Номин цIыкIуитIыр – Тоторэ Кокорэ – зэи сабыру щысу плъагъунукъым. – Ахэр къудамэм долъей-къолъых, къызэрохуэкI. Аращ сыт щыгъуи щIэмэжалIэхэр. Ахэм яшх бананхэр, мэракIуэхэр, хьэпIацIэ, дэ. Ауэ псом нэхърэ абыхэм нэхъ къащтэ джэдыкIэр.

Жыгыжь гуэрым и къуацэм Тоторэ Кокорэ абгъуэ гуэр къыщагъуэтащ.

– О-о, – жиIащ Тото, – гъуэ здэщыIэм...

– джэдыкIэ Iэмал имыIэу щыIэнущ, – дыхьэшхащ Коко.

Тото жыгым дэпщеймэ, пэж дыдэу, абгъуэм джэдыкIащхъуэ абэрагъуэшхуэ илъщ.

156

– Къэубыд ! – къэгуоуащ Тото.

Коко и Iэр ишиящ, джэдыкIэр къиубыдын и гугъэу. АрщхьэкIэ къиубыдыфакъым. ДжэдыкIэр Iэпыхури къутащ. Мэ Iей къызыхих щхъуантIэпс гуэри къижащ.

– Фуу! – къэкIийщ номинитIри, щIэпхъуэжащ.

Бадзэхэрщ джэдыкIэ къутам щыгуфIыкIар.

159

Жираф Твигэ, хьэщхьэвылъэ Буху, бжьо Дик-Дик лъэныкъуэкӀэ щыту абыхэм къакӀэлъыплъырт.

– Еплъыт абы, – гъумэтӀымащ Буху, – джэдыкӀэ хъарзынэр дауэ мэ Ӏей зыщӀ щхъуантӀэпс зэрыхъур?

Твигэ дыхьэшхащ.

– Дыгъэм хэлъхьи, – жиӀащ абы, – джэдыкӀэ псори езыр-езыру зэӀыхьэнущ.

– Ы-ы, дауэ джэдыкӀэ шкӀумпӀыр аргуэру джэдыкӀэ тэмэм зэрыпщӀыжыфынур? – щӀэупщӀащ Буху.

– Ди жагъуэ зэрыхъущи, ар къомыхъулӀэн Ӏуэхущ, – жиӀащ Дик-Дик.

Твигэ и щхьэри ищӀащ:

– ДжэдыкӀэ зэкӀуэкӀар зэи тэмэм хъужынукъым.

160

Абы ирихьэлӀэу Тоторэ Кокорэ я адэкъуэш Ниани псым хуэкӀуэ лъагъуэмкӀэ къехырт зы джэдыкӀэ и Ӏэм Ӏэщӏэлъу. А джэдыкӀэр иджыри хуабэт, джэд анэщӀэ Куку и абгъуэм къыриха къудейт.

Ниани зэӀурыбзеежащ. Зы папцӀэ гуэркӀэ хуэсакъыпэу джэдыкӀэр иугъуэнри иту хъуар кърифыкӀащ. Ар къыщрихъупыкӀым абы и нитӀыр хьэлэмэту къытетӀысхьат, и нэкӀуитӀыр иуэжат.

163

Абы ищӀэм номиныр нэпсейуэ кӀэлъыплъырт. ДжэдыкӀафэр нэщӀыбзэ зэрыхъуу, Ниани ар хыфӀидзэжащ. Аращ номин псоми ящӀэр. И нэр щӀиукъуанцӀэри арэзы хъуауэ жеӀэ:

– ДжэдыкӀэр номинымкӀэ шхыныгъуэ хъарзынэщ.

Ар аргуэру зэ зэӀурыбзеежри, жиӀащ:

– Аращ. Ауэ зэвгъащӀэ, джэдыкӀэ псори шхыныгъуэкъым.

164

Ниани и кIэмкIэ быдэу къудамэм зыкIэрищIащ. ИужькIэ къызэфIэуващ, и Iэпэр иIэтри номин шырхэм закъыхуигъэзащ:

– Фэ фщIэн хуейщ языныкъуэ джэдыкIэхэр ди пэхэм, ди бзэгухэм, ди ныбэхэм къазэренықъуэкъур, къазэрытехьэлъэр.



Тоторэ Кокорэ нащхьэ зэхуащIри еупщIащ:

– КъыджомыIэфыну пIэрэ ди адэкъуэшыжь, сыт хуэдэ джэдыкIэхэр нэхъыфIми, сыт хуэдэхэр нэхъ Iейми?

Ниани псалъэ нэхъ шэрыуэхэр къигъэсэбэпурэ жеIэ, и Iэпэ зэхуакум джэдыкIэ дэлъ хуэдэу ещIри:

– ЯзынықъуэхэмджэдыкIэр дыгъэм хуагъазэри йоплъ яшхын ипэкIэ. Ауэ вжызоIэ! Нэхэми укъыщагъапцIэ къохъу. ЯзынықъуэхэриджэдыкIэм йодаIуэ, – къыпещэ Ниани и тхьэкIумэм хуехьри. – Ауэ абыикI укъигъэпцIэнкIэ хъунущ.

Абы и гупэмкIэ зегъэщхъри:

– Фыхуеймифи фIэщ фщIы, фыхуейми фымыщI, ауэ псом нэхърэ нэхъ делэхэр джэдыкIэм епэмын папщIэ зыкъутэхэрщ.

Номин цIыкIухэм нэщхъейуэ я щхьэр ягъэсысыр. Тото макъ щабэкIэ щIоупщIэ:

– Ди адэкъуэш лъапIэ, уэ угубзыгъащэщ, къыджыIэ, кхъыIэ, дауэ – тIэ ар къызэрыпщIэнур?

Ниани зигъэуардэу жэуап къет:

– Мис мыпхуэдэущ. ДжэдыкIэр псым деж фохьри хыволъхьэ, псыIуфэм пэгъунэгъуу. Нэхъ гурыIуэгъуэ хъун папщIэ и псалъэр зэпегъэури, адэкIэ къыпещэж:

ФыкъедаIуи, фигу ивубыдэ: псым ес джэдыкIэр, – сэ къытызогъэзэжри – псым ес джэдыкIэр – зэкIуэкIащ. Апхуэдэ джэдыкIэ къыфпэщIэхуамэ, фи Iэ лъэныкъуэмкIэ фи пэр щывоубыдыкIри зэрыфлъэкIкIэ аддэ Iуводз!

Ниани аргуэру къызэтеувыIащ. ИужькIэ ину, IупщIу, мэзыжьым щIэс псоми зэхахын хуэдэу и псалъэм къыпищащ:

– ДжэдыкIэр псым щIэтIысыкIыу щытмэ – апхуэдэр тэмэмщ.

170

Твигэ, Буху, Дик-Дик сымэ иджыри якIэлъыплъырт номинхэм, къудамэм дэлъей-дэпкIейуэ щыджэгухэм.

– Ниани икъукIэ губзыгъэщ, – жиIащ Твигэ.

– НтIэ, пэжщ, – диIыгъащ Буху, – абы чэнджэщ бэлыхь яритащ номин шырхэм.

173

Апхуэдэщ цIыхухэри. Дэри диплъэфыркъым адрей цIыхухэм ягу. Ауэ ар зылъэкIи щыIэщ. Ар Аущщ. Абы псори ещIэ, дызэгупсысри, ди гурылъхэри, зыми имылъагъуу ди гущIэм щыдгъафIэхэри. Ауэ Ар хуейщ икIи Абы лъэкIынущ нэхъ Iуэхугъуэшхуэж – цIыху Iейхэр цIыхуфI ищIыну. Дэ къытхуэнэжыр Абы абыкIэ делъэIунырщ.

175

**УАЙТ ПАУЛ**

# ТОТОРЭ АБЫ И НЫБЖЬЭГЪУХЭМРЭ КЪАЩЫЩIАХЭР

**Сурэт зыщIар**
**Орам Петрщ**

Copyright © 1984 by Paternoster Press
Russian edition © 1991 by Licht im Osten

П. Уайт
Тоторэ абы и ныбжьэгъухэмрэ къащыщIахэр
© 1995. «Новый путь», Нальчик